

# Rete Yon Mwa pou Aplike pou Asistans Federal pou Dezas

---

Release Date: Desanm 22, 2022

**COLUMBIA, S.C.** – Pwopriyetè ak lokatè nan konte **Charleston, Georgetown ak Horry** ki gen pwopriyete yo andomaje apre Siklòn Ian genyen jiska **lendi 23 janvye** pou aplike pou asistans dezans federal.

**Apati 22 Des. plis pase \$2.69 milyon** asistans konbine FEMA ak Administrasyon Ti Biznis Etazini te apwouve pou pwopriyetè, lokatè ak biznis nan Kawolin di Sid apre Siklòn Ian, sa ki te fè enpak sou kot la an septanm.

Nan total sa a, **plis pase \$1.46 milyon** nan asistans FEMA te apwouve pou sivivan dezans, sa ki genyen ladann:

- **plis pase \$1.23 milyon** te apwouve pou reparasyon lojman ak asistans lokasyon
- **\$232,297** te apwouve pou bezwen medikal ak dantè, gadri, reparasyon oswa ranplasman machin, ak lòt bezwen ki anrapò ak dezans la

Administrasyon Ti Biznis te apwouve plis pase **\$1.23 milyon** kòm prè dezans ak enterè ba pou ede sivivan yo rekonstwi kay ak biznis yo. SBA se pi gwo sous fon rekiperasyon dezans nan nivo federal pou pwopriyetè, lokatè ak pwopriyetè biznis.

N ap ankouraje sivivan yo depoze plent asirans pou domaj kay yo, pwopriyete pèsonèl ak machin yo avan yo aplike pou asistans FEMA. Sibvansyon FEMA yo pa oblije ranbouse. Pa gen taks sou asistans FEMA a e li p ap afekte Sekirite Sosyal, Medicaid oswa lòt avantaj federal.

Pwogram Asistans Endividyèl FEMA a fèt pou ede sivivan dezans ak bezwen bazik esansyèl tankou jwenn yon espas ki san danje ki sanitè e ki fonksyonèl pou yo viv pandan y ap chache yon solisyon lojman sou lontèm. Sibvansyon sa yo pa la pou ranplase tout sa w te pèdi. Dapre lalwa, FEMA pa ka peye pou depans asirans ou deja kouvri oswa lajan w te resevwa nan lòt sous tankou finansman kominotè oswa ajans volontè.



**FEMA**

Page 1 of 2

Aplikasyon nan asistans dezans FEMA gratis si w te sibi domaj nan Siklòn lan. Men kijan pou w aplike:

- Ale sou [DisasterAssistance.gov](https://DisasterAssistance.gov)
- Sèvi ak [FEMA mobile app](#)
- Rele **Ling Asistans FEMA a nan 800-621-3362**. Si w ap itilize yon sèvis relè videyo (VRS), sèvis telefòn soutitre oswa lòt, bay FEMA nimewo a pou sèvis sa a. Operatè ling asistans lan pale anpil lang e ling yo ouvri soti **7è a.m. rive 2è a.m. chak jou**. Peze 2 pou Panyòl. Peze 3 pou yon entèprèt ki pale lang ou an.
- Pou yon videyo aksesib sou kòman pou w aplike, ale sou [youtube.com/watch?v=WZGpWI2RCNw](https://youtube.com/watch?v=WZGpWI2RCNw)

Soumèt yon aplikasyon prè SBA se yon etap nesèsè pou yo konsidere w pou lòt fòm asistans dezans FEMA. Pou aplike pou yon prè SBA:

- Itilize sitwèb sekirize SBA a <https://disasterloanassistance.sba.gov/ela/s/>
- Mande yon aplikasyon papyè pou aplike pa lapòs Etazini pandan w ap rele ling sèvis kliyan SBA a nan **800-659-2955**
- Ou gendwa tou voye yon imèl nan [DisasterCustomerService@sba.gov](mailto:DisasterCustomerService@sba.gov) oswa rele **800-659-2955** pou asistans sou aplikasyon ak plis enfòmasyon sou pwogram asistans dezans SBA a Endividi ki soud oswa ki gen difikilte tandè gendwa rele **800-877-8339**.
- Dat limit SBA pou pwopriyetè ak lokatè ke lan te andomaje pwopriyete yo retounen aplikasyon prè yo se **vandredi 20 jan**.



**FEMA**

Page 2 of 2